**दिन–बुधवार** **दिनांक–11.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ नव दिल्लीक विज्ञान भवन मे जमीनी स्तर पर शासन आ सामुदायिक विकासक व्यापक उपलब्धिक लेल अलग–अलग श्रेणी मे विभिन्न राज्यक कुल पैंतालीस पंचायत प्रतिनिधि के विभिन्न पुरस्कार देलनि। बिहार सँ मुजफ्फरपुर जिलाक कटरा प्रखंडक जजुआर पंचायतक मुखिया सुमननाथ ठाकुर के स्वास्थ्य सेवा मे श्रेष्ठ काज लेल पुरस्कार भेटलनि। ओतहि, नालंदा जिलाक एकंगरसराय प्रखंडक पार्थू पंचायतक मुखिया तृप्ति कुमारी के आत्मनिर्भर बुनियादी ढांचा पुरस्कार आ जहानाबाद जिलाक मखदुमपुर प्रखंडक पुनहाड़ा ग्राम पंचायतक मुखिया निभा कुमारी के सुशासनयुक्त पंचायतक पुरस्कार सँ सम्मानित कयल गेलनि। हिनका लोकनि के तृतीय पुरस्कार भेटलनि एकर अतिरिक्त औरंगाबाद, नालंदा, मधेपुरा, कटिहार आ अररिया जिलाक कुल चौवालिस मुखिया सेहो एहि कार्यक्रम मे प्रतिनिधिक रूप मे सम्मिलित भेलाह। समारोह मे राष्ट्रपति आ केन्द्रीय पंचायती राज मंत्री विजेता पंचायतक नवाचारी आ प्रभावी कार्य प्रणाली पर एक पुस्तिकाक अनावरण सेहो कयलनि।

---

केन्द्रीय ग्रामीण विकास मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे वित्तीय वर्ष दू हजार चौदह–पन्द्रह सँ वित्तीय वर्ष दू हजार चौबीस–पच्चीस धरि मनरेगाक अंतर्गत बिहार मे एक सय चौवन दशमलव चारि–चारि करोड़ श्रम दिवसक सृजन कयल गेल। लोकसभा मे दरभंगाक सांसद गोपालजी ठाकुरक एक प्रश्नक उत्तर मे श्री चौहान जनौलनि जे बिहार मे मनरेगाक अंतर्गत वित्तीय वर्ष दू हजार छओ–सात सँ दू हजार तेरह–चौदह धरि छिहत्तरि दशमलव पाँच–आठ करोड़ श्रम दिवसक सृजन कयल गेल छल।

---

केन्द्रीय इलेक्ट्रॉनिकी आ सूचना प्रौद्योगिकी मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि अछि जे जौं सदन मे आम सहमति होबय तऽ सरकार कृत्रिम बुद्धिमता–एआई के शासित करबाक लेल कानून बनेबाक लेल तैयार अछि। आइ लोकसभा मे एक प्रश्नक उत्तर मे श्री वैष्णव कहलनि जे अभिव्यक्तिक स्वतंत्रता आ नैतिकता आधारित कृत्रिम बुद्धिमता पर कानूनी रूपरेखाक मध्य संतुलन बनेबाक आवश्यकता अछि। ओ कहलनि जे मोदी सरकार प्रौद्योगिकीक लोकतंत्रीकरण पर विश्वास करैत अछि।

———————————————————————————

सीतामढी जिला आइ अपन तिरपनम स्थापना दिवस मना रहल अछि। मुख्य समारोह डुमरा हवाई अड्डा मैदान मे आयोजित कयल गेल, जतऽ जिला पदाधिकारी ऋचि पांडेय, पुलिस अधीक्षक मनोज कुमार तिवारी, विधायक पंकज कुमार मिश्रा आ विधान परिषद सदस्य रेखा कुमारी संयुक्त रूप सँ दीप प्रज्ज्वलित कऽ समारोहक शुभारम्भ कयलनि।

———————————————————————————

पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेश मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कमी भेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला पाँच दिन धरि तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओतहि, काल्हि सवेर मे प्रदेशक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग मे किछु ठाम घनगर कुहेस लागल रहत। एम्हर, पछिला चौबीस घंटा मे सात दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग समस्तीपुर जिलाक पूसा राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। राजधानी पटनाक न्यूनतम तापमान बारह दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रिकॉर्ड कयल गेल।

———————————————————————————

दरभंगा मे आइ सामुहिक कन्या विवाहक आयोजन कयल गेल। एहि अवसर पर पूर्व विधायक अमरनाथ गामी जनौलनि जे दहेज समस्याक निराकरण लेल एहि सामुहिक कन्या विवाहक आयोजनक कयल गेल अछि।

———————————————————————————

कटिहार जिलाक बरारी निवासी बीएसएफ जवान राजेश कुमार भारतीक अंतिम संस्कार पूरा सैन्य सम्मानक संग कयल गेल। राजेश कुमार भारती के पछिला दिन जम्मू कश्मीर मे भेल बर्फबारी मे दबि गेला सँ मृत्यु भऽ गेल छलनि।

———————————————————————————

बेगूसराय जिलाक चेरिया बरियारपुर थाना क्षेत्रक मेहदा शाहपुर मे संदिग्ध स्थिति मे दू गोटेक मृत्यु भऽ गेलनि। मृतकक परिजन शराब पीबा सँ मृत्यु हेबाक आशंका व्यक्त कयलनि अछि। ओतहि, जिला प्रशासन कहलक अछि जे पोस्टमॉर्टम रिपोर्ट अयलाक बादे मृत्युक कारणक पता चलत।

———————————————————————————

शिवहर जिलाक पुरनहिया प्रखंडक दोस्तिया दक्षिणी गाम मे भेल एक नाव दुर्घटना मे एक व्यक्ति एखन धरि लापता छथि। जखनकि तीन गोटे के सकुशल बाहर निकालि लेल गेल।

———————————————————————————

मद्यनिषेध विभाग आ पुलिसक संयुक्त कार्रवाई मे आइ दानापुर स्थित एक गोदाम सँ दू हजार पाँच सय बेरासी लीटर शराब आ एक पिस्तौल सहित आनो आपत्तिजनक समान बरामद कयल गेल।

———————————————————————————

पटना विश्व विद्यालय मे कर्मचारी लोकनि पछिला सात दिन सँ हड़ताल पर छथि। एहि क्रम मे हड़ताली कर्मचारी लोकनि आइ धरना आ प्रदर्शन कयलनि।

———————————————————————————

समाप्त